## МАХ ДУЙНЕ ИСКÆНÆГ НÆ АН, УОМÆ ГÆСГÆ Æ ИСАФУН ДÆР МАХМÆ НÆ КÆСУЙ!..



***ЦÆГОЛТИ Геуæрги (1871-1939), финсæг: «Маддæлон æвзаг æй адæмон ахуради ирæзти тæккæ сæйрагдæр фæрæзнитæй еу. Ахуради парахат бæстихай исаразæн ес айдагъдæр маддæлон æвзаги бундорбæл... Еу педагогон теорийæн дæр æнæ маддæлон æвзаги агъазæй раст ахурадæ æма гъомбæладæ байамонун æ бон нæй, уомæн æма мадæ-фиди 'взаг æй сабийи меддуйнемæ, уодмæ над иссеруни дæгъæл, уæдта зунди бæрзæндтæмæ, наукæмæ табуйаг над... Уони абони алкедæр зонуй, æнцæ аксиомæ.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№28 (997) 2025 анзи 26 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## МАДÆ... МАДДÆЛОН ÆВЗАГ... РÆСТЗÆРДÆ АДÆЙМАГÆН ДУУЕМÆЙ ДÆР ТАБУЙАГ ÆНЦÆ...



Къарæ иставæй социалон хизæгтæй

**«Мæ мадæ мин равардта, цидæриддæр имæ адтæй, уой, тæккæ фиццаг æма тæккæ хъæбæрдæр ба мин ме 'взаг байамудта, æвзаги хæццæ мин балæвар кодта Испани. Æма нур Испани æгасæй дзоруй мæ медæгæ...» Уотæ финста зундгонд испайнаг поэт Хуан Рамон Хименес (1881-1958). Æнгъæл ан, æма уотæ зæгъдзæнæй æ мадæ æновуд уарзтæй цитгин кæмæн æй, алли еци адæймаг дæр – нæ фидтæлтикон æвзаг хумæтæги нæ хонæн маддæлон æма нин табуйаг куд нæ уа! Е нин абони сагъæссаг куд æй, уотæ никки сагъæссагдæр ба е æй, æма нæ кæстæртæн исонибони не 'взаг уоййасæбæл тæходуйаг уодзæнæй? Цæмæй уа, уобæл абони архайун гъæуй нæ еугурей дæр, еуварс си гъæуама ма уонцæ æхсæнадæ дæр æма паддзахадæ дæр. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 2-аг фарсбæл.**

## АРФÆ КÆНÆН



## «ЛÆГИ ПАДДЗАХ – Æ УОД ÆЙ»

Ес уæхæн хабæрттæ æма цаутæ, кæцити æхцæуæндзийнадæбæл бацийнæ кæнунцæ дзиллæ æнæгъæнæй дæр. Уæхæн зæрдæхцæуæндзийнадæ нин иссæй, æрæги нæ зундгонд финсæг æма æхсæнадон архайæг **Скъодтати Бариси фурт Эльбрусæн** Цæгат Иристони адæмон финсæги ном аккаггонд ке 'рцудæй, еци хабар. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн уой фæдбæл. Уой хæццæ ба ни федарæй æруагæс кæнуй, æ исфæлдистадон архайди ин никки фулдæр ке бантæсдзæнæй æма ма никки кадгиндæр хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд ке 'рцæуддзæнæй, е.

Абони ба уæ зонгæ кæнæн Скъодтати Эльбруси финст нæуæг æмдзæвгити хæццæ.

* * *

Лæги паддзах – æ уод æй,
Хаир ин – дæ хуæрзтæ!
Куд æй бадарай, уотæ
Бафеддзæй дæ хæрзтæ.

Хеуон ци уа, е гъæуй
Мах, цума, нæ цæстæ.
Зæрдæн-дзæбæх –
мæ гъæу æй,
Мæ сахар, мæ бæстæ.

Мудау ка фæууй адгин,
Ка нин æй хæдзарæ,
Уæхæн бæсти ун кадгин
Хуæздæр æй дзæвгарæ...

Седзæр кæми 'й, куд мадгин,
Ка соруй нæ бостæ,
Уæхæн зæнхи лæги зин
Нæ цæруй æностæ.

Нивгун ка кæнуй тухст уод.
Гъудигин – нæ хъæнзтæ,
Уæхæн рауæн мах зæронд
Нæ кæнунцæ æнзтæ...

Хумæтæг лæг, изæдау,
Кæми æй нимади,
Уæхæн бæсти сæрбæлтау
Лæг мæлуй æд кадæ...

* * *

*Скъодтати Эльбруси финст иннæ æмдзæвгитæ кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.*

## НÆ КАДÆГÆНГУТÆН – КАДИ ЦИТГИНДЗИЙНÆДТÆ!..



# СЕКЪАЙ ТУХХÆЙ НÆ ÆВЕДУЙГÆ МÆТÆ

Нæ национ аййевадон литератури бундорæвæргутæй еу, Гæдиати Гуцирий фурт Секъай райгурдбæл 20 мартъий исæнхæст æй дæс æма астинсæй анзи (1855-1915). Аци номдзуд лæг нин цæйбæрцæбæл цитгийнаг æй æма 'й цæйбæрцæбæл цитгин кæнæн, уой фæдбæл нæ номдзуд ахургонд Абайти Васо (1900-2001) уотæ финста: «Устур ихæсгин ан мах Гæдиати Секъай размæ... Еу дзамани æ ном цæйбæрцæдæр фæцæй æ намусгин æмдогон Хетæгкати Къостай кади ауун. Нур ба нæуæгæй исæрттивта. Æ рамæлæти дæс æма дууинсæй анзи ин ку бæрæг кодтонцæ, уæд ин æ исфæлдистадæмæ нæуæгæй гъос æрдардтонцæ... Секъа ирон адæмæн берæ хуæрзти бацудæй æма уой аккаг æй, цæмæй ин аргъ кæнæн, ирон литературæ æма культури тæккæ номдзуддæр архайгутæн куд аргъ кæнæн, уотæ.

Секъай ном цæрдзæнæй, цалинмæ ирон адæм æма литературæ цæронцæ, уæдмæ. Къоста æма Секъа еумæ адтæнцæ ирон литератури уалдзæггæнгутæ. Уотæ æнæйевгæ æма зæрдæскъæф уомæн æнцæ сæ уадзимистæ...»

Секъай туххæй æ уац Абайти Васо ниффинста кæддæр раги, æртинсæй анзей размæ. Уæдæй нурмæ берæ аллихузон, сауæнгæ ма наукон-æртасæн æрмæгутæ мухургонд æрцудæй Гæдиати Секъай туххæй. Берæ цæмæйдæрти æ ном æносонгонд цæуй. Зæгъæн, Васо æ уаци кой кæнуй Секъай цирти æдзæллаг уавæри туххæй.

3

*ГÆДИАТИ Секъай фурт Цомахъ (1882-1931), финсæг, публицист, æхсæнадон архайæг: «Национ æвзагæн дæр æма национ литературæн дæр сæ ахедундзийнадæ уæд истухгин унцæ, æма еци нацитæн сæ фæллойнæгæнæг дзиллити ’хсæн ку иræза, ку тухгиндæр кæна хелæдæрундзийнадæ æма культурæмæ тундзундзийнадæ...»*

**ТАЛА КА НЕКÆД НИССАГЪТА, Е АУУОНИ БАДУН ФУЛДÆР УАРЗУЙ!..**



# МАДÆ... МАДДÆЛОН ÆВЗАГ...

Маддæлон æвзаги ахедундзийнадæ æма æ багъæуай кæнуни фæдбæл нæ абони дзубандий райдайæни æримисдзинан еума курухон загъд. «Æвзагбæл ауодун алли адæмихаттæн дæр æ ахсгиагдæр ихæстæй еу æй… Æвзаг æй кæрæдзей лæдæруни туххæй тæккæ ахедгæдæр фæрæзнæ, еугур адæми дæр ка еу кæнуй, уæлдайдæр фудæвзарæнти рæстæг, уæхæн тухæ. Е алли адæймагæн дæр еудадзуг æ гъоси цæгъдуй, еу æвзагбæл дзорæг бæлвурдбæрæг адæмихаттмæ ке хауй, æма ибæл ихæс æвæруй, цæмæй æ еугур хъауритæ дæр дæтта æ адæмæн, æ фидибæстæн».

Уотæ финста зундгонд немуцаг поэт æма паддзахадон архайæг Иоганнес Бехер (1891-1958). Æма уой, немуцаги, загъд хумæтæги нæ равзурстан.

Цуппар æма астинсæй анзей размæ, 1941 анзи 22 июни немуцаг-фашистон æрдонгтæ Советон Цæдесмæ гадзирахаттæй ку ’рбалæбурдтонцæ, уæд сæ тугъдон равгитæ æма гæнæнтæй куд адтæнцæ, уотæ ма сæ зæрдæ уобæл дардтонцæ, æма нæ бæсти аллихузон адæмихæттити се ’взæгти фæйнæхузондзийнадæмæ гæсгæ фæддехтæ кæнунбæл кæрæдзебæл сæ исардаунбæл. Фал фæррæдудæнцæ. Се ’взæгтæ дæр æма сæ культуритæ дæр фæйнæхузон кæмæн адтæнцæ, еци адæмихæттити минæвæрттæн се ’нгомгæнæг иссæй еумæйаг уодварнондзийнадæ – Фидибæстæбæл æновуд ундзийнадæ æма æ сæрбæлтау уодуæлдайæй тох кæнунмæ цæттæдзийнадæ. Уотемæй син бантæстæй еци æверхъау тугъди цифуддæр знагбæл фæууæлахез ун.

Абони дæр бабæй нин ралæудтæй лæгæвзарæн рæстæг. Æма нæ бæсти еугур адæмихæттитæ дæр бабæй сæ минæвæртти æрветунцæ, сæ маддæлон æвзæгтæбæл сæ разæнгард кæнунцæ еумæйаг Уæрæсей сæрбæлтау табуйаг тохмæ.

Е дæр уой æвдесæн æй, æма нæ бæсти зæрдирайæн хуæрзгæнгутæй æнцæ нæ бæсти адæмихæттити æвзæгтæ дæр. Е лæдæрд куд нæй паддзахади разамундæн дæр. Еци гъуддагмæ фæстаг рæстæгути бæлвурддæр æргом æздæхт хумæтæги нæ цæуй. Уой фæдбæл **Владимир Путин** нисанеуæггин æмбурдтæй кæцидæртими сæрмагондæй загъта æ гъудитæ. Цæмæй гъуддæгутæ фæррæстмæ уонцæй, уой туххæй бæлвурд фæндитæ бахаста, уруссаг æвзаг æма Уæрæсей Федераций æвзæгтæн агъаз кæнуни къабази паддзахадон политикæ æнхæст кæнуни фæдбæл Совети æмбурди.

Президент еци æмбурди рæстæг æ радзубандий сæрмагондæй баханхæ кодта уой, цæмæй Уæрæсей адæмихæттити маддæлон æвзæгтæ багъæуай кæнун æма сæ райрæзтæн агъазгæнæг гæнæнтæ æма равгитæ уонцæ хæс кодта, цæмæй еци закъон бацæттæ кæнуни гъуддаг æгириддæр фæстæтæрæгонд куд не ’рцæуа:

– Дзубанди цæуй æвзæгтæ багъæуай кæнун æма сæ идарддæри ирæзти туххæй, уомæй уæлдай – гъæуама фæббæрæг кæнæн, нæ бæсти æвзæгти еумæйаг итигъдадæн паддзахади ’рдигæй циуавæр агъаз лæвæрд цæудзæнæй, уой.

Нæ бæсти разамонæги хъæппæрестæ цæйбæрцæбæл афойнадæбæл æма ахсгиаг æнцæ, е лæдæрд æй. Æма кæрæй-кæронмæ дæр сæ фарс уогæй, уæддæр ба мæти ба æфтауй еу фарста: сæ еци ахсгиагдзийнадæ син мах хузæн лæдæрунцæ, сæ аразуахедгæдæр. Фарста цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма Владимир Путини хъæппæресæй нæмæ фæззиндзæнæй еума зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон – Уæрæсей адæмихæттити æвзæгти Бон. Куд нисангонд цæуй, уотемæй æй бæрæг кæндзæнæнцæ алли анз дæр 8 сентябри – номдзуд дагестайнаг поэт Расул Гамзатови райгурæн бони.

– Таурæгъон æмдзæвгæ æма зар «Хъурройтæ»-йи («Журавли») ниффинсæг æ маддæлонбæл нимадта дууæ æвзаги – авайраг æма уруссаг. Æ уадзимистæ фæлдиста авайраг æвзагбæл, уруссаг æвзагмæ тæлмацгонд ке ’рцудæнцæ, уой фæрци ба фæххайгин æнцæ дунеуон бæрзонд кадæй.

Еци æмбурди сæрмагондæй дзубанди цудæй Уæрæсей адæмихæттити æвзæгти туххæй Закъон исаразуни фæдбæл дæр.

Нæ бæсти разамонæг байнæй ихæсгин ка ’й, еци бæрнон косгутæ, уæдта цæйбæрцæбæл исарæхсдзæнæнцæ Президенти фæдзæхститæ гъæугæ хузи исæнхæст кæнунмæ?

### ТУХАРÆЗТÆЙ НЕКÆЦИ ГЪУДДАГ РÆСТМÆ КÆНУЙ...

Советон доги аллихузон цæстфæлхатæн миутæй еу уæхæн адтæй: партион съезд, кенæ пленум, кенæ æндæр уæхæн «бæрзонд мадзал» ку рацæуидæ, уæд уайтæккæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити иситинг уиуонцæ сомитæ: «Партий историон унаффитæ нæ разæнгард кæнунцæ…» «Партий цардгъонгæнæг фæдзæхститæ исæнхæст кæнуни сæрбæлтау нæ байауæрддзинан нæ хъауритæбæл…»

Уæхæн фæткæ кæд æма айуани аккаг æй, уæддæр, гъулæггагæн, абони дæр берæ цæмæйдæртæй рагъæр уй… Уæрæсей Президент нæ бæсти адæмихæттити æвзæгтæ багъæуай кæнун æма сæ идарддæри райрæзти мадзæлтти кой куддæр искодта, уотæ берæ рауæнти уайтæккæдæр мадзæлттæ аразун фæййагайдтонцæ. Уотемæй ба, æвæдзи, раздæр бал расагъæс кæнун гъудæй, уавæртæ цæхуæн æнцæ, ци æма куд исаразæн ес æ фæххуæздæр кæнунæн Президенти фæдзæхститæмæ гæсгæ. Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Тæвдхæлæфæй ци аразай, е дин нæ фæррæстмæ уодзæнæй…»

Гъуддагбæл æрдзубанди кæнунмæ ратагъд кодтонцæ сенатортæ дæр. Федераций Совети арæзт æрцудæй адæмихæттити ’хсæн рахастдзийнæдтæ æма дини еугæндти хæццæ æмархайди фæдбæл Совети æмбурд. Дзубанди, дан, си цудæй Уæрæсей этнокультурон æма æвзæгти берæхузæнондзийнадæ кæнуни фæдбæл фастатæбæл. Куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй сенатортæ нуртæккæ косунцæ «Уæрæсей Федераций адæмти æвзæгти туххæй» закъони проектбæл. Уоми куд амунд уодзæнæй, уотемæй гъæуама арæзт æма æнхæстгонд цæуа Уæрæсей адæмти æвзæгти паддзахадон номхигъд, уæдта бæлвурдгонд уа еци æвзæгтæй алке статус дæр.

Уæрæсей адæмтæ æма динти ’хсæн лимæн рахастдзийнæдтæ хузæнонæй-хузæнондæр кæнуни туххæй сæ нисанеуæг кæмæн æй, уæхæн къуар закъонæвæрунадон акти ист æрцудæнцæ (зæгъæн, «Уæрæсей Федераций Æнæматериалон этнокультурон хæзнати туххæй» федералон закъон, 2030 анзи уæнгæ æмгъудмæ паддзахадон культурон политики стратеги Уæрæсей Федераций æнæматериалон этнокультурон хæзнатæ багъæуай кæнуни концепци, уæдта Уæрæсей Федараций паддзахадон æвзагон политики концепци.

Æмбурди ахайгути дзубандимæ гæсгæ, адæмихæттити ’хсæн рахастдзийнæдтæ хæларæй аразунмæ тулаваст æма маддæлон æвзагбæл æновуд унбæл адæймаги ахур кæнун гъæуй сабийдогæй фæстæмæ. Фæсевæд Уæрæсей адæмти историон æма культурон æгъдæуттæ цæмæй зононцæ æма сæбæл æхцул уонцæ, уæдта сæмæ патриотизми æнкъарæнтæ æвзуронцæ, уонæн агъаз ка кæнуй, уæхæн агъазиау æййивддзийнæдтæ хаст цæунцæ нæ бæсти ахурадон системæмæ.

Æртæ миллион адæймагемæй фулдæр ахуради системи ахур кæнунцæ сæ маддæлон æвзæгтæ. Рæвдаундæнтти 360 мин гъомбæлкæнуйнагемæн амонунцæ 465 маддæлон æвзаги. Скъолати 2,5 миллион ахурдзауемæй фулдæр ахур кæнунцæ 74 маддæлон æвзаги. Ахурадон предмет «Маддæлон æвзаг»-æй фæстæмæ еуæй-еу регионти фæззиндтæй дисциплинæ «Уæрæсей Федераций республики паддзахадон æвзаг». Уомæй уæлдай, къуар уæрæсейаг регионеми скъоладзаутæн ес фадуат фиццаг къласæй фарæстæймаг къласи уæнгæ ахурадæ хе маддæлон æвзагбæл райсуни туххæй.

Федераций Совети ци æмбурд рацудæй нæ бæсти адæмихæттити æвзæгтæ багъæуай кæнуни æма идарддæри райрæзти фæдбæл, уой туххæй нæ дзубандий тæвдхæлæфдзийнади кой хумæтæги нæ ракодтан. Цæветтонгæ, цалдæр анзей размæ (бæлвурддæрæй ба – 2018 анзи) Паддзахадон Думæ гъе уотæ тæвдхæлæфæй ахуради фæдбæл федералон закъонмæ бахаста æййивддзийнæдтæ æвзæгтæ ахур кæнуни фæдбæл. Етæ хъæбæр дзурдтаг иссæнцæ, уомæн æма нæ бæсти адæмихæттити æвзæгтæ бустæги æнæбарæ уавæри æвæрд æрцудæнцæ. Уой фæдбæл мах дæр нæ газети финстан (газет «Дигорæ», 2018 анзи 10 августи, №21). Еци æййивддзийнæдти нихмæ рæстмæдзоргути игъосæг нæ фæцæй, нæ маддæлон æвзæгти ирисхъæ ба, æнæуойдæр сагъæссаг уогæй, никки фæммæтæйдзагдæр æй. Æма Федераций Совет «Уæрæсей Федераций адæмти æвзæгти туххæй» закъони проект цæттæ кæнгæй, раздæр бал ахуради туххæй федералон закъонæй еци æййивддзийнæдтæ ку рандæ кæниуонцæ, æма си нæ бæсти адæмихæттити маддæлон æвзæгтæ ахур кæнуни фæткæ Президенти фæдзæхститæмæ гæсгæ раст æма гъæугæ хузи финст ку ’рцæуидæ, уæд е пайдахæссæг уодзæнæй нæ бæсти медæгæ æхсæнадон хелæдæрундзийнадæ æма хенимайундзийнадæн.

### ТАБЕДЗÆГОНД НИН КУД УА!..

Нæ маддæлон æвзаги паддзахадондзийнадæ сæрмагонд закъони фæрци исфедар кæнуни фарста ахсгиаг æй махмæ, Цæгат Иристони дæр. Уобæл рагæй дзурдæуй, уой фæдбæл æй æ дзубанди нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн**, æрæги нæ парламенти æмбурди Цæгат Иристони социалон-экономикон уавæри æма идарддæри райрæзти туххæй ци доклад искодта, уоми. Æ загъд адтæй: «Нæ размæ ци ахсгиагдæр нисантæ лæууй, уонæй еу æй маддæлон æвзаг багъæуай кæнун æма æ идарддæри райрæзтæн уæлæнхасæн мадзæлттæ аразун, нæ ирæзгæ фæлтæрти нæ адæми уодварнон хæзнатæбæл æхцул кæнунæн æма сæ цардгъон кæнунбæл архайунмæ тулаваст унæн.

Аци гъуддаг уоййасæбæл берæвæрсуг æма ахсгиаг æй æма ибæл гъæуй сæрмагондæй дзорун. Æма нæ зæрди ес, нæ адæмон маддæлон æвзаги абони уавæри æма æ исонибони фæдбæл идарддæр дæр нæ газети хецæн æрмæгутæ мухур кæнун. Архайдзинан, цæмæй нин нæ маддæлон æвзаг зæрдиагæй табедзæгонд уа…

***САКЪИТИ Эльбрус***

### АХУРГÆНÆГÆН ДÆР АХУРТÆ ХУÆРЗГÆНÆГ ÆНЦÆ!..



**Нæ маддæлон æвзагбæл ка æхцул кæнуй, еци ахургæнгути æма гъомбæлгæнгути устур къуарæн æрæги Дигоргоми Мæцути скъола-интернати бæстихаййи арæзт æрцудæй сæрдигон скъола. Къуæрей дæргъи астæуккаг скъолати инсæй ахургæнæгемæн æма сабийти рæвдауæндæнтти дæс гъомбæлгæнæгемæн хуарз равгæ фæцæй маддæлон æвзаги æма литературæ амонуни нуриккон мадзæлтти хæццæ базонгæ унæн. Еума хуардзийнадæ – æригон ахургæнгутæн æма гъомбæлгæнгутæн сæ фæлтæрддзийнадæй бахай кодтонцæ, берæ æнзти дæргъи ирæзгæ фæлтæрти хæццæ ка косуй, еци æскъуæлхт педагогтæ дæр.**

**Уæрæсей Тугъдон-Денгизон Флоти Бон бæрæггонд цæудзæнæй хуцаубони, 27 июли. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ намусгин денгизонтæн сæ циттин бæрæгбони фæдбæл!..**

**РÆСТУОД АДÆЙМАГ ÆХЕ Æ АДÆМИ РАЗИ ИХÆСГИНБÆЛ НИМАЙУЙ!..**

# СЕКЪАЙ ТУХХÆЙ НÆ ÆВЕДУЙГÆ МÆТÆ

1 Гъулæггагæн, уотæ рауадæй, æма Секъай ци уæлмæрдти (Дзæуæгигъæуи «Мещанти уæлмæрдти») байвардтонцæ, уоми ин æ цирт багъæуайгæнæг ке нæ фæцæй, уой фудæй еци рауæн бæлвурдæй некебал зонуй. Фал ин уæддæр аци уæлмæрдти еу-дæс анзей размæ кедæрти хъæппæресæй æвæрд æрцудæй нæуæг федауцæ цыртдзæвæн. Цалдæр анзей размæ ба ин Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу исæвардтонцæ устур цыртдзæвæн.

Еу загъдæй, Секъай номерæнæн кæд цидæртæ арæзт æрцудæй, уæддæр е фагæ нæй. Æма нæ зæрдæ дарæн, никки цитгиндæргонд ке цæудзæнæй, уобæл… Нæ зундгонд ахургонд æма финсæг Джусойти Нафи Гæдиати Секъай тухххæй æ финст уацтæй еуей исхудта «Секъай æведуйгæ мæтæ». Мах ба еци загъд фендæрхузон кæнæн, æма зæгъæн: «Секъай тухххæй нæ æведуйгæ мæтæ…» Гъома, абони дæр ма ихæсгин ан нæ номдзуд финсæг æма рохситауæги никки цитгиндæр кæнунæй. Абони ба 'й имисæн Нафийи финст æрмæгæй.

### Æ УОДИГЪÆДÆ – ÆНÆГЪÆНÆЙДÆР ЛÆГДЗИЙНАДÆ!..

Бæрзæфцæгæй Хъуди коммæ никкæсæни, поствæндаг бæттæнтохæгау къæдзæ-мæдзтæ кæми райдайуй, уоми ирон бæлццæнттæй алкæддæр фегъосдзæнæ коми дæллаг фахсмæ амонгæй: «Уартæ Ганис – Секъай гъæу… Азау æма Таймурази цирт…» Аллихатт мæ зæрдæбæл æрлæуунцæ, радзурди кæрон, æносон цыртдзæвæни хузæн ци дзурдтæ ес, етæ: «Таймураз æма Азауи цыртбæл устур сибулдзæ бæласæ абони дæр дзиназуй Ганиси уæлмæрдти».

Ганиси уæлмæрдтæй дзæвгарæ дæлдæр лæууй æндæр цыртдзæвæн дæр, зæронд ихæлд мæсуг, æлдари мæсуг, фал уой некебал зонуй, феронх æй ходуйнаги игаки хузæн. Уоми цардæй, уоми фæммард æй адæми къохæй Арагуй Еристау æлдар. Зæрдæбæл æрлæуунцæ Секъай дзурдтæ: «Æнайæнойти кæрдтæ фескъот кодтонцæ, мæсуги фæрстæ ферттивтонцæ æма æлдарæй иуонг-иуонгбæл нæбал райзадæй, галауани астæу цъæх фæззæбæл æ тог райвулдæй. Адæм сæ кæрдтæ расæрфтонцæ æма рандæнцæ. Айдагъдæр ма игъустæй æлдари мæсугæй æ уоси гъарæнгитæ. Уæдæй фæстæмæ Арагуй еристау æлдари хæдзарæ федзæрæг æй, айдагъ ма си мæргътæ астъæндтæ кæнунцæ».

Дууæ хузи, дууæ символи, нæ финсæги зæрдихатт æма дуйнелæдæрундзийнади дууæ бæрзонд менеуæги æвдесæг. Еу рауæн лæууй бæрзонд, къабазгин сибулдзæ æносон цардау, æведуйгæ кади зарау æма нур дæр дзиназуй æма заруй цæрунгъæуагæ Азау æма Таймурази рæсугъд цард æма



Цыртдзæвæн ГÆДИАТИ Секъайæн Дзæуæгигъæуи

æскъуæлхт мæлæтбæл. Иннæ рауæн къæйдортæ рæдзæгъдæй лæуунцæ, ходуйнаги æвдесæнау, æма мæсугфарси топпуадзæнти мæргътæ астъæнттæ кæнунцæ.

Уотæ 'й Секъай аййевадæ. Е æргом æвдесуй кæддæриддæр æ хæран дæр æма æ уарзондзийнадæ дæр. Æвдесгæ ба сæ уотæ аййев æма тухгин кæнуй æма, кæд берæ рæстæгутæ райевгъудæй, Арагуй уолæнтау, Таймураз æма Азауи, уæдта Еристау æлдари тауæхътæбæл, уæддæр ма абони дæр сæ еуети уарзæн Секъай уарзтæй, иннетæмæ хæссæн Секъай хæран. Е ба 'й тæккæ бæллеццагдæр фæндæ алли финсæгæн дæр. Е æй финсæгæн æ искурдиади æма æ адæмондзийнади критери, æнæмæнгæ æвдесæн. Дзурд дæр ибæл нæййес, Секъай фæсте ирон литературæ размæ цудæй, æййивтонцæ æма æййевунцæ нæ прози, уæдта нæ поэзий аййевади æууæлтæ дæр, царди хæццæ еумæ гъæздугдæр æма вазуггиндæр кæнунцæ. Фал цæйбæргъæфæнди ку исирæза нæ национ аййевадæ, уæддæр Секъай уадзимистæ уодзæнæнцæ цардæгас æма уарзон ирон дзиллæн, адæймагæн æ рагуалдзæг куд æнцон фæууй цæрæнбонтæмæ, уотæ.

Секъа – нæ аййев прози тухгин æма бæрзонд райдайæн, æведуйгæ оригиналон поэт, дæсни публицист. Абайти Васо куд зæгъуй, уотемæй Къостай фæсте æй «нæ финсгутæй сæ еугуремæй адæмондæр финсæг».

Дзæвгарæ бунтæ ниууагъта Секъа ирон национ аййевадæн, фал нуртæккæ сæ еугуребæл дзоруни фадуат нæййес нæ газети фарсбæл. Секъай цард æма аййевадæ берæ дзоруйнæгтæ сайунцæ сæ фæдбæл. Уони тухххæй дзурд цæуй æма никкидæр цæудзæнæй. Фал нуртæккæ, Секъай кади ном имисгæй, ка 'й зонуй, фицгаги-фиц-



ГÆДИАТИ Секъайæн цыртдзæвæн Ильинскийи аргъауæни фæзуати уæлмæрдти.

цагдæр, дзорун гъæуй æ аййевади фæнзуйнагдæр менеугутæбæл, нæ абони литератури ирæзтæн тæккæ агъазиаудæр ка 'й, уонæбæл.

Секъай исфæлдистади менеугутæй мæнмæ тæккæ агъазиаудæр, тухгиндæр æма фæнзуйнагдæр кæсуй бæрзонд, тохгæнæг, хъæйтар характертæ хузæ кæнуни аййевадæ.

Зундгонд æй алкæмæндæр, Секъай доги нæ адæм ци национ æма социалон æфхуæрд æййафтонцæ, е. Зундгонд æй е дæр, æма еци æфхуæрди нихмæ исдзорун, Секъайæн æхе загъдау, «цæттæ мæлæт» ке адтæй.

Устур лæгдзийнадæ гъудæй еци доги нихмæ исдзорунæн нæ, фал æ уорамунæн дæр. Æности æфхуæрд адæймаги зæрди лæгдзийнадæ ке кунæг кæнуй, е дæр бæлвурд æй, фал Секъа уæддæр æ адæми национ характерæй равзурста зари сæйрагæн лæгдзийнадæ, æфхуæрди нихмæ тохи нифс ка дæттуй, сæребарæ æма лæги намуси тухххæй «цæттæ мæлæтгæй» дæр ка нæ тæрсуй, еци лæгдзийнадæ. Уæхæн лæгдзийнадæ ба нæ адæми уодигъæди сæйраг менеуæг ке адтæй æности дæргъи, уобæл Секъа дузæрдуг некæд кодта.

Секъай тæккæ арфдæр, тæккæ зæрдиагдæр, тæккæ уæлиаудæр бæлдæ адтæй сæребарæ, адæми сæребарæ национ æма социалон æфхуæрдæй. Фал еци æфхуæрдæй фæййервæзун, еци сæребарæ исерунæн адтæй айдагъдæр еунæг фæрæзнæ – удуæлдай тох. Еци унгæг тох ба домдта æгæрон лæгдзийнадæ. Уæхæн æй Секъай исфæлдистади æма дуйнелæдæрунади бундорондæр медлогикæ, идейонэстетикон мæсуг. Гъе уой тухххæй мæмæ кæсуй Секъа лæгдзийнади кадæггæнæг.

Скъоладзауи карæй фæстæмæ лæуунцæ нæ зæрдæбæл Секъай исфæлдесгæ хъæйтар соръæттæ: Азау æма Таймурази, Даухта æма Ахмæт, Тугъан æма Марине, Зæлда æма Хъази, Диса æма Сафиат, Садуллæ æма Манидзæ, Джиргол æма Гурдзихан, Тамар æма Хъазара, Хъуди Цæппо æма е 'мбæлттæ, курухон лæгтæ Дзанайти Тохти æма Рубайти Мистъалай соръæттæ…

Æндæр æма æндæртæ 'нцæ, æдеугурæй удæгас соръæттæ карæй, уодигъæдæй, зундæй, дзурдарæхстæй, фал сæ еугуремæн дæр еумæйаг æнцæ уæхæн менеугутæ: лæгдзийнадæ, сæребарæуарзон, лæги боц ном тæккæ бæрзонддæр дарун. Секъайæн айдагъ æ эпикон уадзимисти нæ, фал æ лирики дæр аци менеугутæ æнцæ сæйраг. Секъа æ адæми национ уодигъæдæй рартаста аци менеугутæ куд тæккæ бундорондæр, æма æ кади зар нивæнстæй уонæбæл...

...Секъай уодигъæди берæ фæнзуйнаг менеугутæн сæ сæйрагдæртæй еу адтæй лæгдзийнадæ. Нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма Секъа нифсхаст адтæй, куд царди хабæрттти, уотæ исфæлдистади дæр, æхуæдæг æхсаргин уогæй, адтæй æхсари кадæггæнæг…

***НАФИ,***
***1965 анз.***

**Фæсдзурд:** Нæ газети абоникон номери дзубанди фулдæр нæ маддæлон æвзаги тухххæй ке цæуй, уомæ гæсгæ мухур кæнæн Секъай уацтæй еу. Ниффинста æй газет «Нæуæг цард»-и 1907 анзи 27-аг номери Еунæг (Тедети Бетъре) ци уац ниммухур кодта, уой фæдбæл. Секъай уац дæр мухургонд æрцудæй еци газети еци анзи 34-аг номери.

### ФИНСТÆГ ГАЗЕТМÆ

«Нæуæг цард»-и финсуй Еунæг ирон æвзаги тухххæй, цæмæй си æндæр адæми дзурдтæ ма уа, зæгъæ, фал е мæнмæ раст нæ кæсуй.

Ирон æвзаги гурдзиаг дзурдтæй берæ разиндзæнæй, сæ бундзæфхад син ку 'ргъуди кæнæн, уæд: **зиареба**, **дзуарджвари**, **гутон-гутани**, **сасир-сацери** æма æндæртæ. Персайнаг дзурдтæй ирон æвзаги ес: **зиан**, **мухур**, **пил** æма æндæртæ.

Аци дзурдтæ еугурæйдæр ку райсæн, уæд ирон æвзаги берæ нæбал байзайдзæнæй дзурдтæ, фал æндæр адæми дзурдтæй тæрсун нæ гъæуй. Уæхæн дзурдтаги тухххæй раги загъта уруссаг финсæг Карамзин, æма æцæгæй уотæ 'й: уруссаг æвзаги дæр берæ æндæр дзурдтæ ес.

Цард æхуæдæг аразуй над алли адæмæн дæр дзурдти фæббæрæ кæнунæн æма ирон æвзаги хъæпæнти ба куст æхуæдæг фæлсодздзæнæй.

Ирон æвзаги æмбæртæ æма дзурдти феллауæнтæмæ листæг ку 'ркæсай, уæд дæмæ иннæ 'взæгтæй мæгурдæр нæ фæккæсдзæнæй, фал æ куститæ мæгур æнцæ, кедæр зæрдæмæ ба æгиридæр нæ цæуй. Уобæл дæр Цæгат Иристони уруссагау салтайбалтай кæнунцæ.

Гъай-гъай, уруссаг лæг дæ хæццæ ку дзора, уæд ин æхе 'взагæй дзуапп дæттун гъæуй. Фал ирон лæг ирон лæги хæццæ ку дзора, уæд, уруссагау кенæ гурдзиагау цæмæн гъæуй дзорун. Дзурдти кунæгдзийнади хузæ е æй, æма маддæлон æвзагæй ку нæ дзорай.

Лæг ци куст фулдæр æма ахиддæр аразуй, еци куст рæсугъддæрæй размæ тæруй. «Нæуæг цард» нерæнгæ æдеугурæй фондз мæйи косуй æма куд лæдæрун, уотемæй фондз хатти хуæздæр фæцæй. Уомæ гæсгæ фондз анзей фæсте – фондз-дæс хатти хуæздæр фæуууодзæнæй. Æцæг замана ци 'й – хумæкæнуйнаг берæ, фал хумонтæ – минкъий.

Гурдзий ахургонд фæсевæд сæ фидтæлтæй нуриуæнгæ архайунцæ сæ киунуги æвзаг исрохс кæнунбæл, фал сæмæ æрæги дæр еу газетæй æндæр нæ адтæй – «Дроеба». Нур ба сæмæ бакæсæ – еуей бæсти къуар газетти рауагътонцæ.

Мах ба нæ газетбæл, рагон киндзи хузæн, фаутæ ку æвæрæн, уæд ци 'й, уой дæр нæбал уодзæнæй. Еу дзурд сæдæ дзурди ахæссуй, еу лæг миней сæр æй, еугай дорæй мæсуг амайунцæ, нæ фидтæлтæ бæгъатæр гæрæхтæ кæцæй кодтонцæ.

Гъенур махæн дæр уæхæн рæстæг æй. Алкедæр куд фæразуй, уотæ æ зунд æма æ гъудитæй адæми пайдайæн, нæ киунуги æвзаг исрохс кæнунæн «Нæуæг цард»-и редакцимæ хæлæф кæнæд. Æндæр æвзæгтæ сæ кæрæдзейæй кæрæдземæ ист æнцæ æма бал еци дзурдтаг фæстæдæрмæ фæууадзæн.

*(Уац мухур кæнæн, Гæдиати Секъайæн 1967 анзи Цхинвали уагъд ка 'рцудæй, æ уадзимисти еци æмбурдгонди куд мухургонд æрцудæй, уотемæй. Неци æййивддзийнæдтæ имæ бахастан, дигорон æвзагмæ 'й раййевунæй уæлдай).*

**Лимæндзийнади Æхсæндуйнеуон бон 2011 анзæй фæстæмæ бæрæггонд цæуй 30 июли. Æ сæйраг нисан – цæмæй алли адæмихæттити 'хсæн федар кæна хæларзæрдæдзийнадæ.**

*СКЪОДТАТИ Эльбрус: «Дуйней исконд уотæ ’й, æма адæймагбæл ихæстæ дæр берæ ес, уæдта имæ бартæ дæр берæ ес, иннæ зæнхон цæргутæй игъауги. Адæймагæн æ устурдæр барæ ба еу æй, æз æй куд лæдæрун, уотемæй рæдуди барæ, фæррæдуйуни барæ. Е гъæуама лæдæрд уа алкæмæн дæр. Дæндæгутæ нæ садзун, нæхе бæрнондзийнадæй исуæгъдæ кæнæн, зæгъгæ. Царди медæгæ архайгæ ка кæнуй, е æнæ фæррæдуйгæ дæр,*

# «КА ЙАН, ЦИ ЙАН, ЦÆЙ ТУХХÆН АН ФÆЛДИСТ?..»



**Алли адæймаг дæр сæрустур куд нæ фæууй æ райгурæн гъæубæстæй. Уотæ алли гъæубæстæ дæр сæрустур фæууй, гъæуккæгтæй ин кадæ æма намус ка хæссуй, уонæй. Федарæй ни æруагæс кæнуй, номдзуд скъульптор, Уæрæсей аййевæдти академий иуонг, Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг СОСКЪИТИ Владимир æма зундгонд финсæг, Цæгат Иристони поэт СКЪОДТАТИ Эльбрусæн дæр сæ райгурæн гъæу Сурх-Дигорæ куд табугæнæг æнцæ, уотæ зæрдтагон æнцæ сæхуæдтæ дæр сæ фидиуæзæгæн. Уой хæццæ ба ма дууæ æмгъæуккаги хуарз æрдхуæрдтæ дæр æнцæ. Æма уомæ гæсгæ абони, Скъодтати Эльбруси æмдзæвгитæ мухур кæнгæй, исфæлгонц сæ кодтан Соскъити Владимири цалдæр скульптурон кустемæй.**

Еунæг уод дæр а-дуйней
Цардæфсесæй нæ мæлуй.
Æнос цардмæ, – хъазар ке ’й,
Уомæ гæсгæ фæббæллуй.

Фал и ’змæлд æй æносон, –
Мах уоци нифс фæлевуй.
Царди гъазти æригон
Фæллад хестæри ’ййевуй.

’Ма зæрондмæ сувæллон
Ку баходуй æ къумæй –
Фæззæгъуй, – нура, фæдон,
Ду уодзæнæ рæбунæй,
Исмæкодтай æносон, –
Нæбал тæрсун мæлунæй…

* * *

Ци дессаг æй лæги цард, –
Нæуйнагай ка исуй,
Исуогæй ба нин нæ цар
Æ куройни ка инсуй.

Ци мæнгард æй лæги цард, –
Карни надбæл ка цæуй,
Кæмæй фæууæн нифсæвард,-
Фудæнгъæл нæ ка кæнуй!

Ци фæливд æй лæги цард.
Нивтæй зæрдæ æвæргæй,
Мæнгæ ’рттивдæй куййи сайд
Мах ка кæнуй, лæдæргæй.

Куд гъолон æй лæги цард,-
Ка нæ рæвдауй мадау,
Уæдта нин нæ сунти кард,
Ка æндадзуй æзнæгау.

Ци хъазар æй лæги цард, –
Æрдзи адгиндæр лæвар!
Æнос цæфсгæй дæр æ ’йарт
Кæмæн хонæн кадавар.

Ци зудæ ’йбæл æй цæрæг,
Куд некæд си фæлмæцуй,
Дони нигъулгæй ма лæг
Гъæмпæбæл дæр фæххуæцуй.

Цæмæй конд æй лæги цард, –
Гъуди дæр не ’ркæнгæй мах,
Ка ни фæлледзуй идард, –
«Дæ рун бахуæрон, мæ къах!»

Ци уарзон æй лæги цард, –
Æнæнгъæлти ниви зар.
Табу дин уæд, нæ Хуцау,
Хæлар нин уæд дæ лæвар…

* * *

Нæ фæткъу рагæй дæр рæзбуни
Хæрдмæ нæбал гæлдзуй е ’рæзнæ.
Æ рæзæ бамбуйуй æ буни,
Бæлццон не ’рфецæуй æ размæ.

Кæддæр калидæ уорс-уорсидæй
Уомæн æ деденæг цæхæртæ.
Синхи биццеутæ, æносидæр,
Хастан æ цормæ нæ изæртæ.

Уæд ма бæласæ æвзонг уодтæн
Кодта дунгæмæ царди зартæ,
Уотæ нæ хæццæ æрзæронд æй, –
Дæттуй талатæмæ æ бартæ.

Бонæй фæууй нур æвæлгæлæс,
Бæргæ, – гъавуй ма ценхъæр унмæ!
Фалæ мæйдари кæунгæлæс
Хонуй е ’нгæртти æ рæбунмæ…

* * *

Нурмæти мин кæми цардтæ, –
Нæ мæ кодтай гъуди дæр.
Дæ мæти дæр некæд адтæн,
Нур толæ мæ муди дæр!

Фур æрхунæй куд нæ мардтæн!
Фæййерваздтæн мæлæтæй,
Æрмæцардтай, – ку æрцардтæн, –
Нæбал мардтæн дæ мæтæй…

* * *

Кадæр райгурдæй нецигъонæй,
Кадæр – лæггъæдæ, хуæрзгъонæй.
Дуккаг фиццагæн – æ рæуонæ ’й,
Хицæй мæлун ма æ бон æй.

Хуразæн æзнæгтæ некæд фæууй,
Ес ин, – кæмæн æй сон æзнаг.
Фал тæрегъæди ка бацæуй,
Уомæн исуй е феддуйнаг…

* * *

Уотæ адгин ку нæ уайдæ,
Уотæ уарзон – сувæллон,
Уæд, æвæдзи, нæ адтайдæ,
Æ исхæссун неке бон.

Лæги фæндти уæлдæр фæндæ –
Сувæллонау кæдзос ун.
Е нин даргъ кæнуй нæ бæнттæ,
Е нæ кæнуй æносон…

Цо, – байзонæ, – ци си ресуй,
Ци æй кæнуй уотæ хъор!
Æ сах никкудт фæрсти хезуй,
Æ идзулд ба – ходгæ хор.

Æ цуппæртæбæл фемпъохуй,
Нæма зонгæй раледзун.
Æ гъазæнтæ куд æнтъохуй! –
Ке бон ма йæй сæ уедзун?!

Уотæ уарзон ку нæ уайдæ,
Æцæгæй дæр сувæллон, –
Æ исхæссун нæ иссайдæ
Еунæг мадæн дæр æ бон.

* * *

Лæгæрдуй, тундзуй æносмæ
Цæхъалтæгæнгæ рæстæг.
Уалдзæг ма йæй, фал æдосæ
Мæ фуни уидтон фæззæг.

Цубургæсгæ ’й сæрди усмæ,
Зæрди фæндтæн нæ хъæртуй, –
Куддæр бахатæн нæ дустæ, –
Нæ афонæ æрхъæртуй.

Кустæй ма нерæн – мæ хъурмæ,
Мæ равгитæ ба – нилլæг,
Исон мин цæугæ ’й будурмæ,
Исесунмæ и тиллæг.

Рæстæги цуд нæ фæгъгъос уй, –
Мах ку рахæссуй е ’вулд.
Разæй нин ка ’й – даргъ æнос æй,
Фæстегæй, е – цæстникъулд.

И дуйней думуй, е ’нгарæ,
Рæстæги дунгæ æдзох,
Ке бакæнуй зæнхи барæ, –
Расæбæл къуæруй æ къох.

Лæгæвразæн æй нæ усмæ,
Лæг не ’фсæдуй асæгæй.
Уалдзæг адтæй, – ку ниххустæн,
Нур фегъал дæн, – фæззæг æй.

Фæццæуй, цæуй æносмæ,
Уолæнгайти и рæстæг.
Кæд ци кæнгæ ’й, уой нæ усмæ
Амонуй нин æхуæдæг.

Æноси дæр уобæл тухстæн,
’Ма не ’фсæстдæн асæгæй.
Уалдзæг адтæй, – ку ниххустæн,
Нур фегъал дæн, – фæззæг æй.

Мæстмæлæнæн æй нæ усмæ, –
Ци æфсонæй ма цæрун?!
Мæ фæдони коми тулфæ
Мæ фæсонæй лæдæрун…

* * *

Æрæги дæр ма æгас
А-зæнхæбæл ка хаттæй,
Е æрбайсафтæй æваст, –
Уогæ дæр, цума, н ’адтæй.

Нæ ададзуй и цæстæй,
Уотæ арæх ке уидта.
Æ ахурæй æртæстæй,
Æнахур рист уой тилдта.

Æвеппайди батар æй, –
Лæг уойбæрцæ ке зудта, –
Устур гæпбæл дæ царæй
Кадæр цума ратудта.

Нæма цæуй къуæре дæр, –
Нæ астæуæй фæгъгъудæй:
Е, е дæр æма е дæр…
Æхсицгæ нæ ка гъудæй…

Æртæхгай æй дони суг,
Исусуй ’ма ниммæлуй.
Дорæй амад æй мæсуг,
Æзмесгай ба æгъзæлуй.

Гъæу дзиллæй кæнуй ревæд:
Уæлмæрдтæмæ – зæронд ка ’й,
Горæттæмæ – фæсевæд,
Уагъд хæдзæрттæ – мехцохгай.

Хуарз адæн, еугай-дугай,
Фæккæнунцæ нур кунæг,
Уотæ бауй, сифæгай,
Зæнхи барæ деденæг.

Исусагæ ’й цъаййи дон, –
Ку нæ ахеда æ бун.
Нæбал æй дæу дæ фæдон, –
Ку нæ цæра дæ рæбун.

Æрæги дæр ма гур-гур
Ци гъæу кодта адæнæй,
Ефстагмæ си ’ссæуй нур
Сабийти стуф авдæнæй.

Æй дуйней зилд æносон
’Ма уой нифс мах фæлевуй.
Царди гъазти æригон
Зæронддæри æййевуй.



*æвæдзи, нæ уодзæнæй. Æма уой туххæй, уæлдайдæр ба æнæбари ку рауайа, уæд хатир кæнун растдæр уодзæнæй, уой фудæй карз æфхуæргæ неке æй. Æ удикон-ди медæг æфсармæ кæмæ уа, е æхецæн фагæ тæрхон, фагæ æфхуæрддзийнадæ исаккаг кæндзæнæй, æма изолдæр ба архайдзæнæй уæхæн рæдуд нæбал æруад-зунбæл. Æма ин æ рæдуд исраст кæнуни барæ дæр гъæуама уа...»*





Тумугъ дзилли кæун, гъе,
Ке бон бабæй фæккæлуй?!
Еунæг уод дæр а-дуйней
Цардæфсесæй нæ мæлуй.

Зæрдæхсайгæй лæги бон
Ранæхстæр ун дæр ку нæй,
Куд дессаг æй, – сувæллон
Ку фæххода дæ къунæй…

* * *

А-зæнхæмæ ку цудтæн, –
Арв хорæй скодта дæу нивæ.
Дæу уарзунмæ игурдтæн,
Мæ нивæн, ду дæ мæн нивæ.

Дæу цæститæй аргъуд дæн, –
Нæ сæ æвдистай хæстæгмæ,
Ку дæмæ, цид, бацудтæн, –
Мæн гæлста се ’рттивд фæстæмæ.

Уой зонун, ’ма еугæндзон
А-дуйнебæл неци фæууй, –
Ци нæ фæууй, – уæд исон
Куд фæраздзæн æнæ дæуæй.

Æрмæст уразт æй æносон –
Адгин синдзæгун уæгъæли!
Ку дæ некæд æртæсон,
Уæд нæ райгурдтæн дзæгъæли…

* * *

Æййафгæ нæ карнæ фæццæуй,
Кенæ ба æмдзо кæнæн æ хæццæ.
Цæмæдеси æмбæлццон гъæуй, –
Æ цæсгон не ’вдесуй, уæхæн фæткæ.

Цидæр уаг мæ зæрдæ æрзæгъуй,
Кæд гъавун евунмæ æмхуз бонтæ?!

Фал Хуцау уæлæрвти фæккæнуй
Хевастæй хе дзурд ’ма хе фæндонтæ.

Æркæун ме ’нæбонбæл гъæрæй, –
Мадта ма мæхецæй ци аразгæ ’й?
Æрходуй Хуцау мæнмæ сæрæй, –
Алцидæр! – зæгъуй мин гъазгæ-уарзгæй.

Æфтуйуй мæ зæрди ци нæ ба?!
Мах цæрæн, – ке уадздзæн, – нæ
къахвæндтæн…
Цидæр нин бантæсуй, – цидæр ба
Ихæсæн ниуудзæн нæ цæуæттæн.

Етæ дæр, райдайгæй нæуæгæй,
Æнгъæлгæй хе бари сæ гæнæнтæ,
Догъ кæнгæй федæнмæ рæуæгæй,
Мах æнгæс рарветунцæ сæ бæнттæ.

Уотемæй, не стурдæр нивæ – цард –
Фæккæнæн сатар мах фæди-фæдмæ.

Хуцау нин не ’сафуй нæ къахнад, –
Æ дзурдæй ке уадзæн, – нæ къахвæдтæ.

Дæ бонæн уай, хуарз лæг, дæ бонæн!
Куд рауайуй, – ка ’й цард утæ æнгъæл.
Рагацау нæ нивæ нæ зонæн –
’Ма цæгæй, – уоми ’й кæд ниви дæгъæл…

Æййафгæ нæ Карнæ фæццæуй,
Кенæ нæ хæтун кæнуй æ фæдти.
Æрмæст нæ листæг кæсун кæнуй, –
Куд зиннæн алцигæнæг нæхуæдтæ…

* * *

Хуæцуй æ уорс сæрбæл
Зæронд – кæддæри ’взонг,
Истуй сæ къæсæрбæл
Лæхъуæн нæхстæрæрвонг.

Кæуй зæрдæбунæй,
Цæугæй амондагор,
Зонуй, – æрдæгбун æй
Гъенур фиди бундор.

Исон ке фæуууодзæй
Нæ гъæу лæг ревæддæр,
Уомæй нæ исуодзæй
Сахар лæг-идзагдæр…

Кæсуй, ка исхъурмæ ’й,
Еци къæбуламæ.
Кæлуй зæрдмæгурæй
Сугтæ къибиламæ.

Уой ин æ разнадмæ
Фидæ æривардта:
Нисан – æ фæндагмæ, –
Гъигæ ’й маци дара!..

Æртæх æртъуплæсуй
Донмæ, тæли удазгæ
Уоми’й раниуазуй,
Бæрцуат – хурфи уадзгæ.

Ледзæн æдæуагæ
Гъæутæй горæттæмæ,
Кæнуй си дзилагæ
Кунæг фæди-фæдмæ.

Фидæ æ уорс сæрбæл
Хуæцуй, хъурмæй ефтонг.
Æ фурт сæ къæсæрбæл
Лæууй нæхстæрæрвонг…

* * *

Фæззæг лæмæгъ хорæй
Кæнуй гъолон нивтæ.
Гъæдæ нæ басор æй, –
Уомæл, æрдæгцъифтæ.

Фæрсæй балæборуй
Дунгæ æ циргъ нихтæй,
Тæрсæй, – ка фæббор æй,
Тонуй уæхæн сифтæ.

Цæуй лæгунгæнгæ
Уæздан – и бæласæ.
Мæнæ, уингæ-уингæ,
Рацæй «къохи» асæ.

Сæхе исцæргъдунцæ
Бæгънæги къалеутæ.
Хурфæй истæхунцæ
Рæуæги-тарст цъеутæ.

Фæззæг æритауй
Зæнхи бор горцъетæ.
«Дзæгъæл» кæми хауй
Арви ци хор …?!

Нурма лæмæгъ тавуй
И сог уомæл авар.
Е ’хсир уæсæн давуй
И гъог-нæ хæдзардар.

Цума ниггузавæ ’й
Нивгун-и æрдозæ.

Телуй æ сор тъафæ
Дунги зæронд цъозæ…

Уодзæй нæуæг сифтæ
Бæгънæги бæлæстæн.
Нæййес уæхæн нивтæ
Æрмæст лæги æнзтæн…

* * *

Ци изолти æрбацудан,
Уо, не ’рбацуд æй дессаг!
Аккаг бæстæбæл бафтудан, –
Исахид æй нæ ефстаг.

Кæд Хуцауи уомæн гъудан, –
Æ рохс азгъунст – фæлдесонд –
Æнæ махæй нæ федудта,
’Ма ’й фæууа кæронмæ конд.

Неци адтан, некуд адтан,
Æрмæстдæр æй е зудта, –
Нæ «къудуртæ» куд амадта,
Уодтæ нин си куд думдта.

Æрнæрæсагъта цæрунмæ, –
Уæлдæр амонд неци ес!
Боз Кæнæгæй – лæдæрунмæ,
Ке ни байвардта медес!

Ке нин равардта ’змæлунмæ
Хъаурæ дæр ’ма барæ дæр.
Ковдзинан нур æ къилдунмæ
Æнæбари-барæй дæр…

Ка фæгъгъавуй æнтæсунмæ,
Арв уонæмæ фæхходуй.
А-дуйнейæй æртасунмæ
Ци æвгъау ан, тæходуй…

* * *

Ци дессаги фæлдесонд дæ!
Кæмæ ферттевуй дæ каст, –
Фæггæп ласуй еугур сонтæй
Гъеууой зæрди фунæй уарзт.

Дунд фæууис ду мæ рæбунтæй,
Фал еци каст, содзгæ каст,
Ка мæ хæссуй арви бунти,
Кæмæй ерун додгæ маст!

Дæ сæрмæ мæ ку нæ хæсси,
Мæ уодæн хæсгæй æзманст,
Фæстæмæ дæр нæ ракæси, –
Куд мæ кæни фазæласт.

Зæнхи зуртæ ’ма къузуртæ, –
Царæстигъд си ку ниддæн!
Мæ бауæр си ниббузуртæ ’й, –
Ци æхцæуæн ристи дæн!



Бони фунтæ, хори тунтæ,
Арви цийнæ, зæнхи уарзт!
Уæд æности æнæскъунгæ
Сахирд тунтæй уацæбаст…

* * *

Карнæ хецаутæ нæ фæзгъазуй,
Карнæ Хуцауи мадзал æй, –
Уомæй дзилли ’змæлд исаразуй –
Игурцæ, цард ’ма адзалæй.

Уæзæ ’вдесунцæ уæзбарæнтæ,
Армæй банкъарæн ес дзаума,
Фал минеуæгæн йæ арæнтæ
Бæрæг не ’рцудæнцæ нурма.

Хуарзæн нæййес бæлвурд гæрæнтæ,
Фудæн кæрæнттæ нæ фæууй,
Нæййес амондæн нигæнæнтæ,
Нивæ бæрцуати нæ цæуй.

* * *

Ци Хуцау мæ исфæлдиста
Мадæ ’ма Фидæн, –
Мæ тæрнихбæл е ниффинста,
Ка æма ци дæн.

Ци Хуцау мæ исфæлдиста,
Уомæй адтæй дзурд,
Мæ тæрнихбæл е ниффинста:
«Дигорон» ’ма «фурт!»

Ци Хуцау мæ исфæлдиста
Кадæ ’ма Цитæн,
Е мæ фæрссæй, – куд нæ исдæн
Сæ агкаг, – ци дæн?

Ци дессæгтæ мин бавдиста, –
Цард æма æ уаргъ.
Нæ син ес нæ, мæ фиди ’стæн,
А-дуйнебæл аргъ!

Ци надбæл мæ æривардта, –
Кæд уобæл цæун,
Уæд, – ци дзиллæн мæ равардта,
Уони дæр гъæун.

Ци æвзагбæл бæрæг адтæн
Мадæ ’ма Фидæн, –
Нæ мæ ес барæ нæ радтун
Фурт æма кизгæн.

Нæ игæстæн цæхæн уагбæл
Ковдзæнæн – «Рохс цард!»
Нæ мæрдтæн ба ци æвзагбæл
Зæгъдзæнæн – «Рохсаг!»

Ци Хуцау нин ниффæлдесуй
Цард æма нисан,
Фæстæдæр нин е бавдесуй, –
Ка æма ци ’ссан…

* * *

Исхаттæй дæлгонмæ арви агæ,
Мегъæ си баскъуæлхтæй, куд косарт,
Аги бунбæл сгъазуй æрттевагæ,
Фæццæфсуй, сасодзгæ гур-гур арт.

«Гали мард» сирадæй тулфæкалгæ,
Пæлхъ-пæлхъхъæй дуйней кувдæн фицуй.
Уарунæй зæнхи фингæ байдзаг æй, –
Уæрасæй хумгæндтитæ хинцуй.

* * *

Уинун – фалдзос алке йæй æхе барæ,
Цардарæзтбæл кæнунцæ сабур тох.
Ду ба райстай мæн уоди сæребарæ,
’Ма мæ скодтай зæнхон гъуддæгтæй цох.

Баст дæн æма кæнис ма мæстæймарæ
«Рауай… хуæрзбон!» – телис мæмæ дæ къох.
Д ’ахæсти ун гъеуæддæр ци хъазар æй,
Сæнтти тæхун сонтæй дæумæ æдзох.

Цогæ цийййес дæу зæрди, уой равзарæ!..
Нивæ ’ма тас итауи мæ фалдзос…
Цæфсуй æхсæвти стъалу мæ хæдзари,
Кæнуй мæмæ тæбар-тубур дæ рохс.

*Хосе ОРТЕГА-И-ГАССЕТ (1883-1955), испайнаг философ: «Рохс зунди хецæуттæ етæ 'нцæ, фæлдуорæггин, æнæсæрфат «гъудитæй» æхе багъæуай кæнунгъон ка 'й, цардмæ комкоммæ ка кæсуй, æма си алцидæр секкаг, æбæрæг ке æй, уой ка хатуй, уæдта, исæвди къахбæл ке лæууй, уой ка лæдæруй...»*

# «КÆД МАХ ТУХХÆЙ ДÆР ЕСКЕ ХУАРЗ ЗÆГЪИДÆ...»

***Гæдиати Секъай уадзимистæмæ лæмбунæг ку 'ркæсæн, уæд си бæлвурдæй рартасдзинан сæ еумæйаггæнæг гъуди. Растдæр зæгъгæй ба – æ зæрдтагон бæлдæ: кæдимайди ба нæ Иристони цардарæзти алцидæр уа райдзаст æма федауцæ, цæмæй тæккæ хиццагдæр хузи уа нæ размæцуди алли гъуддаг дæр, цæмæй бæрзонд цæстиварди уæн иннæ адæмти 'хсæн. Е 'мдзæвгитæй еуеми хумæтæги нæ бабæлдтæй: «Кæд мах туххæй дæр еске хуарз зæгъидæ...»***

***Никки ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма Секъа æ рæстæги нæ адæми цардиуаги цæй фæдбæл гъенцъун кодта, уонæй берæ цидæртæ абони дæр ма нин сагъæссаг æнцæ. Уомæн æвдесæн æнцæ æ новеллитæй абони ке мухур кæнæн, етæ.***



## ЛÆГ ÆВИ СИРД

**(новеллæ)**

Уалдзигон рæсугъд бон, хор арви астæу тæмæнтæ калдта, æ гъар тунтæ зæнхæмæ гæлста. Алли цæрæг удгоймаги мадау рæвдудта. Цъæх сгæлладау зæлдаги хузæн кæрдæг ирдгæ феллаудта. Зимти (зима– зимородка горная) æскъотгæнагæ уасун айнæгæй айнæгмæ сау кæмтти хаста. Думгæ фагæ уолæфтæй æма ин бæлæстæ фæлмæн зардтонцæ. Мегъти дæргъдзийнади мæргъти зар æнцад игъустæй. Цард алли къубурæй æ медбилти худтæй. Еудзурдæй, бæстæ бæрæгбон кодта.

Уорс фонси дзогæн сæгъти къуар сæ разæй, уотемæй Федæртти хонхбæл ниххæлеу æнцæ. Лæхъуæн фиййау Ахмæт, нимæт æ уæле, топп æ гъæбеси, уотемæй къæдзæхи тегъæбæл æ фарсбæл хустæй кæрдæггун хезнæбæл, нард фонси дзогæй æ зæрдæ рохс адтæй.

Уæдмæ тегъæй сикъе сирдти къуар æрбазиндтæнцæ, сæ цæу сæ разæй, сæгътæ æ фæсте, уотемæй къæдзæхи сæрбæл рамбурд æнцæ. Кæмæн æ дæркъæ æ хæццæ, ка ба æнæ дæркъæй. Цæу сæ разæй къубурбæл лæудтæй. Бæгъатæри бæрæгæн æ раззаг къахæй зæнхи цъарæ цавта. Ке зæгъун æй гъæуй, Хуцау рæсугъдæн ке исфæлдиста, зæнхигъæдæ урухæй ке барæвдудта, еци рæсугъд цæргути уиндæ æхцæуæн кæмæн нæ уодзæнæй, берæ сæмæ фæккастæн.

Уалинмæ сæмæ мæ сæгътæ дæр æрбахæстæг æнцæ.

Сикъетæ æмбурдæй æрбалигъдæнцæ æма сæгъти хæццæ исхæлæмулæ 'нцæ. Æз æй нæ фæразун, куд æй радзорон: уони игъæлдзæгдзийнадæ, уони цийнæдзийнадæ, æносон хæстæг хеуæнттæ, лæги æхсарæй ка фæххецæн æй. Бæрзонд æдзæрæг хуæнхтæ, æнæкæрон сау гъæдтæ сæребарæ цардæн ка байагурдта, етæ нур сæ уарзон æнсувæрти хæццæ байеу æнцæ. Кæд дзоргæ, дзубанди нæ кодтонцæ, уæддæр уарзондзийнадæй кæрæдзебæл цийнæ кодтонцæ, кæрæдзей билтæ æстардтонцæ. Сæ фæстаг къæхтæбæл фæллæууиуонцæ æма сæ сикъатæй хъуритæ кодтонцæ, æхсæрхуз гъолон сикъе цæу къæдзæхи тегъæбæл лæудтæй æма бæрзæндти кастæй, æскъот кодта, æ уарзон æмбæлтти знагæй гъæуай кодта, идардмæ кастæй.

– Ехх, тæходуй, – загътон, – адæм дæр уотæ ку уарзиуонцæ кæрæдзей, тухгиндæр ку гъæуай кæнидæ æнæхъаури.

Уæдмæ уæллæй топпи гæрах фæццудæй æма цæу расхъиудтæй, сау коми нарæги зæйи сæрбæл æрбадтæй. Сикъетæ тегъæмæ исгæппитæ кодтонцæ. Дуккаг гæрахæн дуккаг расхъиудтæй, фиццаги фарсмæ зæйи сæрбæл радæргъæмæ 'й, дæллаг къилдунæй цауæйнон низзардта: «Равардтай, Æфсати, никкидæр бабæй равардтай!» Фуси царæй ходæ æ сæрбæл, цъæх пæлæз æркъетæ, фæрдугцъух топпæн æ астæубæл хуæстæй. Тегъæбæл фæццæуй. Тоггини зæрдæ имæ бадардтон, тоггин мин фестадæй. «Ма сæ бахуæрай, – загътон, – ма дин батайуонцæ, ци ди гъигæ дардтонцæ? Цæмæн сæ рамардтай? Хонхи риндзитæ, кæрдæги мортæ син ци хъор кодтонцæ?»

Ка ма си райервазтæй, еци сикъетæ цæгатварс æрдæмæ Сурхити хонхи сæрмæ ислигъдæнцæ. Фонс æрæздахтон. Риндзæбæл бабæй бадун. Сагъæссаг гъудитæ зæрдæмæ калун. Уæдмæ бабæй Сурхити хонхæй топпи гæрæхтæ, арвнæрæгау, кæмттæ исарудтонцæ. Зорати Дзоццæ еци сикъетæй æртæ рамардта. Мæ зæрдæ сæбæл фæрристæй бабæй, ма уин бантæсæд, муггаг ма си ку ниууадзайтæ, уæд. Кæд син хуасæ нæ карстайтæ, цæнхæ син нæ дардтайтæ хонхи бæрзæндти, ци уи хъор кæнунцæ?

Хор дæр ранигъулдæй. Фæстаг хатт ма æ сугъзæрийнæ тунтæй хонхи циргъ цъоппитæн салам равардта. Дудзи хор уорссæр къæдзæхтæ æрттевун кодта. Фонс æрæздахтæнцæ, гъæумæ сæ батардтон. Æхсæвæ-бонмæ дæр нæ бафунæй дæн – еци сирдти ниццагъд мæ зæрдæбæл лæудтæй. Гъæйдæ, нур мин æй зæгъæ, еци сирдтæй сирддæр кæци 'й? Лæг æви сирдтæ?

## ЗÆРБАТУГ



*Æгас цу, зæрватыкк,*
*Æлдар кæмæн нæй,*
*Дæу чи дары хъыг,*
*Фæкæнæд дæдæй!*

Уалдзигон гъар бон, хор арви астæу тæбар-тубур кодта, æ гъар тунтæ зæнхæбæл рагæлста. Зæнхæ исуолæфтæй. Цæргутæн царди хуасæ цæттæ кодта. Алли удгоймаг, цæрæг базмалдæй: æнцад нæбал лæудтæнцæ мæргътæ, сирдтæ, фонс; адæм сæхе кустмæ исаразтонцæ, еугъосуг готон зæнхи цъари гæрзитæ уагъта. Алли зайæгхалæ, кæрдæг рохсмæ тундзтæй. Мæргътæ астъæнттæ кодтонцæ, саскъитæ, биндзитæ сæ бæдæлттæн хастонцæ. Еудзурдæй, бæстæ змæлæг фестадæй.

Амонд ку нæ уидæ, уæд ибæл ном дæр нæ уидæ. Амондгун лæги фарсмæ алкедæр амонд еруй, фидбилизгун лæги фарсмæ ба – фидбилиз. Еу мæгур, æнамонд зæрбатуг динамонæг лæги хæдзари фарсбæл астъонæ искодта æма си бæдæлттæ рауагъта. Бæдæлттæ тæхун нæма фæразтонцæ, фал сæбæл гъунтæ фæззиндтæй. Зæрбатуг боницъæхтæй тар изæрмæ æнцад нæ лæудтæй, æ бæдæлттæн саскъитæ, биндзитæ хаста. Еудзурдæй, зæрбатуг дуйнети амондгунтæй æхе амондгундæр худта æма уотæ зæрдиагæй æ бæдæлттæн уой туххæй куста.

Уæдмæ дзурд æрцудæй, динамонгути хестæр, дан, еудадзугдæр, зæгъгæ. Гъæйдæ-гъа, динамонæг кинау зилдæй. Уæди уæнгæ ковæндонæ ругæй нæбал зиндтæй, нур æй уотæ ниссæрфта, никкæдзос кодта æма еуæй-еу рауæнти æрттивтитæ кодта, фал ма уæддæр æ къумтæй ругтæ сау æндæргæ хастонцæ. Æ хæдзарæ хæмпæлти астæу хæпсити цади смаг кодта, нур уой дæр ниссæрфта, нирræсугъд кодта. Æ уоси фæннадта æма тæргайæй рандæй æ фиди хæдзарæмæ. Уой дæр æрбакодта. Еудзурдæй, еци сахат изæд фестадæй. Фал адæймаги зæрдæ ци тогбæл арæзт уа, уой æндæр фестун кæнун æ бон нæй. Динамонæг еци мæгур зæрбатуги астъонæ дæр æ хæдзари фарсæй ракалдта æма ин æ бæдæлтти хæдзари фарсмæ къанаумæ ниггæлста. Адæм дæр базмалдæнцæ, динамонгути хестæри размæ сæхе цæттæ кодтонцæ. Динамонæг бæгъæнсарæй ратæхæ-батæхæ кодта, цæмæй æй хуæздæр æма дзæбæхдæрæй фæууина æ хецау, еци сахат æхе уобæл гъардта, цæмæй адæмæн хуæздæр дзуапп, æгъдæуттæ хуæздæр хузи байамудтайдæ. Фал фусдзарми дæр берæгъ бæрæг æй.

Мæн ба еци мæгур зæрбатуги бæдæлтти мæтæ адтæй æма еудадзугдæр уонæмæ кастæн. Зæрбатуг бонизæрмæ æ бæдæлтти алливарс зилдæй. Уæд бæдæлтти рази балбæласæбæл æрбадидæ æма бабæй сæмæ æхе æргæлдзидæ, уæдта арви дæргъдзийнади фурмæстæй æрбайсæфидæ æма бабæй цæстифæнникъулдмæ æ бæдæлтти фарсмæ фестидæ.

Уæд астъони бунат хæдзари фарсбæл ранихасидæ, æма бабæй æ бæдæлттæмæ æртæхидæ, уæдта бабæй фæстæмæ мегъи дæргъдзийнади мæстæй катайгæнгæ ранакæ кæнидæ. Уотемæй зæрбатугбæл æрталингæ 'й.

Æхсæвæ-бонмæ еци зæрбатугмæ мæ зæрдæ дзурдта. Дуккаг бон раги исистадтæн, æнæуой дæр мæ раги истун гъудæй, æма еци зæрбатуги бæдæлттæмæ уинæг бацудтæн. Кæсун, æма къанауи медæгæ бæдæлтти уæле сæ мадæ зæрбатуг дæр ниммардæй.

Сæумæ хорискасти адæм æрæмбурд æнцæ ковæндони размæ, динамонæг дæр сæ астæу, æма динамонгути хестæрмæ æнгъæлмæ кастæнцæ. Уæдмæ æрбахъæрдтæй динамонгути хестæр æма адæмæн арфæ ракодта. Адæм дæр ин сæ сæрæй ракувтонцæ æма ковæндонæмæ бацудæнцæ. Ковæндони кæдзосдзийнадæ æ зæрдæмæ нæ фæццудæй, æма куд æмбалдæй, уæхæн уайдзæф бакодта динамонæгæн. Уой фæсте адæммæ раздахтæй æма загъта:

– Уарзетæ кæрæдзей. Коветæ Хуцаумæ. Уарзетæ мæгурти æма син уæ фæллойнæй агъаз кæнетæ. Ма хъор кæнетæ уæ гали, уæ бæхи, уæззау тухкуст сæбæл ма кæнетæ. Уарзетæ алли цæрæг удгоймаги æма син кадæ кæнетæ, – æма никки æндæр берæ хуарз дзубандитæ фæккодта, арфæ ракодта æма рандæ 'й.

Уæд еци адæмæй уомæн уотæ неке загъта, мадта дæ динамонæг мæгур зæрбатуги хæдзарæ цæмæн æрбайхалдта, æд бæдæлттæ 'й хуæрзисæфт цæмæн æрбакодта, зæгъгæ. Уой зæгъун неке бандиудта, цæстæмæгъос адæмæй, хъæбæрдæр ба мæхуæдæг.

## СИРДТИ ПАРЛАМЕНТ

**(Унаффæгæнæг парламент)**

Устурæй, минкъийæй еугурæй дæр сирдтæ хонхи дæлвæз æрдози æрæмбурд æнцæ, гъæуихецау равзарæн, зæгъгæ, загътонцæ.

Дзæгъарæг рагацау сирдти хæццæ æхе фæллимæн кодта: домбайæн æ къæхтæ æстардта, арсæн æ билтæ, берæгъ æма листæг сирдтæн цидæртæ радзубандитæ кодта æма 'й еугурæй дæр бауарзтонцæ.

Гъæуихецау æвзаруни рæстæг æрхъæрдтæй, сирдтæ еугурæйдæр æмцъухæй дзæгъарæги равзурстонцæ æма 'й гъæуихецау искодтонцæ. Унаффæ кæнун райдæдта дзæгъарæг, æ гъуддæгутæй еу къуар фæррæстмæ 'нцæ... Домбайæн устур хай лæвардта, арсæн дæр уотæ, берæгъ дæр гъæуагæ нæ изадæй, листæг сирдтæбæл ба нæбал æнвæрстæй. Хъур-хъур байдæдтонцæ уæд листæг сирдтæ. Робас загъта:

– Дессаг æй, дессаг, нæ гъæуихецау æнæ къæдзелæй ци хъал ниццæй, æ сæр нæмæ уотид дзорунмæ дæр ку нæбал хæссуй...

– Гæрр, æма æ къæдзелæ кæми раскъудæй, уой нæ зонис? – загъта сæлаур. – Хъорагин хонхи бæрзæндæбæл Смайлиатæ хъапхан исæвардтонцæ, раст æнсури мæйи дзæгъарæг уоми ахæсти бахаудтæй, æ къæдзелæ си ниссалдæй...

Уæдта ма уотæ дæр загъта, хуарз æма 'й уотемæй неке æрæстæфтæй, æма, уалдзæг æрдæмæ хори тунтæй ех ку æртæфстæй, уæд дзæгъарæгæн æ къæдзелæ фæууæгъдæ 'й æма райервазтæй. Фал уæддæр къæдзелæн е 'рдæг уоми байзадæй, æвæдзи уомæн æнæнвæрсонтæ кæнуй...

– Бауæндæ мæбæл, – загъта ма никки сæлаур, – хор ку нæ адтайдæ, абони дæр ма Смайлиати хъапхани медæгæ ауигъдæй лæудтайдæ...



**Æнахур, фал дессаги цæмæдесаг бæрæгбон бæрæггонд цæудзæнæй 31 июли – уарзон киунугути имисуни Бон. Ма базийнадæ кæнетæ – нæуæгæй æркæсетæ уæ уарзон киунугутæмæ.**

*Иван ИЛЬИН (1883-1954), философ: «Дæ адæми æцæгæй ку уарзай, уæд ин гъæуама цæстæмæмиутæ ма кæнай, æ аййеппитæ ин ма римæхсай, фал сæ гъæуама рæстзæрдæй, æхсаргинæй дзорай æма сæ хормæ хæссай еудадзуг. Национ сæрустурдзийнадæ гъæуама макæд хеза къумух, схъæл миутæмæ, хебæл фенвæрсунмæ, адæми ма ардауæ æхецæй уæлбекъон аразунбæл...»*



***Нæ национ аййевадон литературæ æнтæсун ку байдæдта, уæд тæккæ райдайæнæй фæстæмæ дзæвгарæ рæстæг нæмæ силгоймаг финсгутæ хуæрзминкъий адтæй, уæлдай æстæндæр ба адтæнцæ Октябри революций размæ. Уæди дзаманти силгоймаг финсгутæй мах зонæн айдагъдæр Кочисати Рози, уодварни хæзнайæн нин байзадæнцæ æ финст литературон уадзимистæй æдеугурæй цалдæр. Уотемæй ба Рози хæццæ еци-еу рæстæги литературон куст кодта еума ирон силгоймаг дæр – КОЦОЙТИ Ленæ Афæхъой кизгæ. Æ рохс ном ба ин абони уомæ гæсгæ имисæн, æма аци анз æ райгурдбæл æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1885-1923).***



**КОЦОЙТИ Ленæ**



**Аци къарæ ист æй архивæй æма æвдесуй, æ рæстæги КОЦОЙТИ Лени хузæн рохситауæг силгоймæгтæ цæйбæрцæбæл æновудæй архайдтонцæ Иристони ирæзгæ фæлтæрти ахуради гъуддаги.**

# Æ РОХС НОМ ИРОНХ МА УÆД...



**ДЗАГУРТИ Губади**
(1888-1979),
филологон наукити доктор, профессор

Коцойти Ленæ... Аци зæрдæргъæвд æма искурдиадæгин силгоймаги цардвæндаги æма исфæлдистади хабæрттæ, гъулæггагæн, уоййасæбæл игъустгонд нæ ’нцæ. Зонун ба сæ æнæмæнгæ гъæуй, уомæн æма етæ дæр æнцæ нæ адæми уодварни хæзнатæй.

Коцойти Ленæ райгурдæй 1885 анзи Гизæли. Æ фидæ Афæхъо, зæнхкосæги фурт, æ рæстæги ахургонд лæгбæл нимад адтæй, каст фæцæй Дзæуæгигъæуи реалон скъола æма косгæ байзадæй еци скъолай.

Ленæн æ цардвæндаги хабæрттæ бустæги райдзастæй нæ райдæдтонцæ, æ мадæ раги рамардæй. Афæхъо берæ уарзта æ кизги, хъæбæр ибæл ауодудта, хъæбæр æй фæндадтæй, цæмæй æ карнæ райдзастдæр уа. Ку рагъомбæл æй, уæд æй ахур кæнунмæ равардта кизгутти приютмæ. Е адтæй æхгæд ахургæнæндонæ, ахурдзаутæ ахур дæр æма цæргæ дæр уоми кодтонцæ. Скъолайæн æ сæйрагдæр нисанеуæг адтæй ирон силгоймаг ахургæнгутæ цæттæ кæнун.

Æма Ленæ еци скъола каст ку фæцæй, уæд æрвист æрцудæй ахургæнæгæй Гизæли райдайæн скъоламæ. Уæдмæ ин æ карнæ бабæй еума зæрддзæф никкодта – рамардæй æ лæг æма еунæгæй райзадæй æ сувæллони хæццæ. Фадуат ин нæбал адтæй косунæн.

Фал, уæддæр гъудæй цæрун æма уомæн ести мадзæлттæ аразун. Æма Ленæ ахур кæнунмæ бацудæй Калаки æвгъæд гæсти (акушерти) Фæскавказаг институтмæ, каст æй фæцæй 1911 анзи, косун райдæдта сахар Пятигорски сæйгæдони. Æма бабæй еума зæрддзæф – 1916 анзи рамардæй æ фидæ. Уой фæсте Ленæ æхуæдæг дæр фæссæйгæ ’й рæугути незæй æма берæ гъезæмæртти фæсте 1923 анзи рамардæй. Байвардтонцæ ’й Дзæуæгигъæуи, зæронд Ирон уæлмæрдти.

Коцойти Лени цубур цард цъоппидзаг адтæй аллихузон зиндзийнæдтæ æма гъезæмарæдзийнæдтæй. Фал, уæддæр разиндтæй дессаги фæразон, уодигъæдæй федар уогæй, разæнгардæй архайдта æ царди хабæрттæ зæрдиуагонæй аразунбæл.

Мадта цæйбæрцæбæл нифсгун адтæй, уомæн ба ирд æвдесæн æй мæнæ ауæхæн хабар. Цæветтонгæ, 1905 анзи революций цаути рæстæг Ленæ – уæд ма приюти ахур кодта – е ’мбæлтти хæццæ еумæ байагурдтонцæ сæ хецауадæй, цæмæй син ахури фæткитæ æма æгъдæуттæ райаразонцæ царди нæуæг фæззиндтитæ æма домæнтæмæ гæсгæ.

Ленæ æхе цæститæй фæууидта, фæндзæймаг анзи фиццаг уæрæсейаг революций цæхæртæ Цæгат Иристони фæллойнæгæнæг дзиллити зæрдити цæйбæрцæбæл разæнгарддзийнадæ иссугътонцæ, фæууидта, сæ цардарæзт фæххузæнондæр кæнунбæл куд æндиудæй исдзурдтонцæ, се ’фхуæргути нихмæ куд истох кодтонцæ, уой.

Ленæ ахургæнæгæй ке куста æма еудадзуг адæми ’хсæн ке адтæй, уомæ гæсгæ бæлвурд хуарз зудта уæди цардарæзти уавæртæ, уæлдай хуарз ба зудта уæди рæстæги ахургæнæги цард, ирон скъоладзаути уæди равгитæ. Уомæ гæсгæ ин æ комеди «Нæуæг ахургæнæги фиццаг бон скъолай» уоййасæбæл æнхæстæй бантæстæй, ирон гъæууон скъола фæндзæймаг анзи революций рæстæг ци уавæри адтæй, уой æцæгдзийнадæ бавдесун. Е иссæй нæуæг фæззинд ирон литератури, æндæр уæхæн уадзимис си уæди уæнгæ нæма адтæй.

Комедий сæйраг бунат ахæссуй ахургæнæг Аксо. Е æй уæди доги раззагдæр зундирахастбæл хуæст ирон гъæууон ахургæнгутæй. Фæззиндтæй ибæл фæндзæймаг революций тæвагæ æма архайуй, цæмæй гъæууон скъола æ идарддæри райрæзти зæрдтæй нæуæг надмæ рацæуа, уæлдайдæр ба, цæмæй си сувæллæнтти ахур кæнонцæ сæ маддæлон æвзагбæл – хуарз ке лæдæрунцæ, уобæл. Ирон æвзагбæл киунугутæ ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ Аксо е скъоладзаути ахур кæнуй Хетæгкати Къостай уадзимистæбæл. Аксо æй скъола нæуæг уагæбæл райаразуни фарс, уомæ гæсгæ е, зæгъæн, ахурдзаути хæццæ архайгæй, сæ гъомбæл кæнуни мадзалæн кедæрти хузæн нæ пайда кæнуй лæдзæгæй. Автор нæуæг ахургæнæг Аксой уодиконд уотæ дæсни исфæлгонц кодта, æма кæсæгæн æ цæстити рази æрлæууй уодæгас адæймаги хузæн.

Аксо æнгом баст æй адæми хæццæ. Е бæрæг æй, скъоламæ имæ ка ’рбацудæй, уонæй дæр. Скъоламæ æрбацæуæг адæмæй алке уодигъæдæ дæр хуарз равдиста автор. Уонæй алкæмæн дæр пьеси ес æхе æвзаг, бæрæг æй алке зундирахаст дæр. Зæгъæн, æргомæй рабæрæг æй сувæллæнтти ниййергутæ Уари, Гига æма скъолай æхсæвгæс Созой меддуйне. Уони сорæтти фæрци финсæги бон бацæй, гъæууон адæм се скъоламæ ци цæстæй кастæнцæ, ци аргъ ин кодтонцæ, уой равдесун.

Цæмæй финсæги искурдиади уæлтæмæндзийнадæ бæлвурддæр æвдист æрцæуа, уой туххæй ма æрхæссæн ес, гъæуихецау скъоламæ ку бацудæй, еци цау дæр. Е куд дардта æхе ахургæнæги хæццæ дзубанди кæнгæй, куд æсхъæлæй имæ кастæй, уомæй рабæрæг æй, уæди хецауеуæггæнгутæ ирон скъоламæ æма ахургæнæги рохситауæн нисанеуæгмæ ци цæстæ дардтонцæ, е. Мæнæ еци нивæ:

**Гъæуихецау**: *(æ кард æ астæубæл, уотемæй къласмæ бацудæй æма ахургæнæги къох райста)* – Æгас нæмæ цо, иуазæг! Хуцау дæ амондгун ахургæнæг фæккæнæд, гъæуи хæццæ дæр æма хецауи хæццæ дæр дзæбæхæй куд цæрай.

**Ахургæнæг:** – Хуцауи хуарзæнхæ дæ уæд. Мæнæн дæр дæ хуарзæнхæ раттæд.

**Гъæуихецау:** *(æхебæл фенвæрстæй æма æ меднимæр бахудтæй)* – Мæ хуарзæнхæ дæ цæмæн гъæуй, æз ба ци лæдæрун!

**Ахургæнæг:** *(лигъстæгæнæгау, барæй)* – Гъе, уотæ ба ма зæгъæ, ме ’мбæлттæй ехæнæй берæ рамардæй, гъæуихецауæй фудевгед фæцæнцæ æма... Гъæуихецауи ку фæндæуа, уæд сомирдæги аргъ æхсæдун дæр зонуй æма æртæ абазий аргъ æхсæдун дæр.

**Гъæуихецау:** – Е лæгæн *(ахургæнæгæн)* æхецæй цæуй: кæд хуарз уай, уæд дин хуарз уодзинан, кæд лæгъуз уай, уæдта дин лæгъуз. *(Æ ходæ уæлдæр исиста æма æ карди сæрбæл æрхуæстæй.)* Дæу разæй нæмæ еу ахургæнæг адтæй æма, æ рази рацæугæй, мæнæн æ ходæ нецæй туххæй исистайдæ. Еске хæццæ дзубанди кæнгæй мæ ку рауинидæ, уæдта баходидæ, æма æхе æндæрæрдæмæ кæсæг искæнидæ... Уæдта ма ци миуæ кæнидæ: дзæхæрадони къабускайæй, картофæй ци уидæ, уони хумæтæг адæмæн балæвар кæнидæ, мæнæн ба еу къабуска, «гъа, мæнæ дин», зæгъгæ, некæд загъта... Кенæ ба майовкæ кæнгæй мæн дин бафарстайдæ!.. Гæрр, æз си æгириддæр нæ гъудтæн!.. Æма мæнæй дæр нæ райервазтæй.

**Ахургæнæг:** – Æз дæр дин уомæ гæсгæ зæгъун, дæ хуарзæнхæ мæ уæд, зæгъгæ.

**Гъæуихецау**: – Гъæйдæ, хуæрзбон кæнæ! Дæу хæццæ цæрун базондзæнæн, Хуцауи ку фæндæуа, уæд. Дæ Хуцауи хатирæй, ду нæ ма истухсун кæнæ! Ами æндæр цидæртæ кæнуйнаг ес æма дæубæл нæма ан! Бафæразæ бал! Нæ фидтæлтæмæ ба ауæхæн азгъунститæ адтæй? Ирон нæ дæ? Гъæуама уазалæн дæр æма æнæ артæн дæр фæразай!

**Ахургæнæг:** *(фæкъкъех æй, æ меднимæри гъуди кæнуй)* – Ци нæ мин кæнун кæнуй æма мæ цæмæй рæвдауй?

Финсæг берæ дзурдтæй нæ фæппайда кодта, уотемæй исаразта, кæсæгæй иронх ка нæ кæнуй, уæхæн гъæуихецауи сорæт.

Скъолай ка ахур кæнуй, уонæй комедий æвдист цæуй дæс биццеуи æма кизги: Бибо, Габо, Æрцо, Биби, Гиго, Дзибо, Дзго, Азау, Зали æма Дарья.

Ирон адæми цард революций рæстæги æма æ агъоммæ ци уавæри адтæй, уомæ гæсгæ скъоладзаутæ дæр æнцæ мæгурхуз, ахур кæнун сæ фæндуй, фал скъолайæй идард ка ледзуй, уæхæнттæ дæр се ’хсæн ес. Дууæ минкъий кизги, Зæли æма Дайра, сосæггай сæхе фæндæй æрбацудæнцæ скъоламæ. Медæмæ бацæунмæ æфсæрми кодтонцæ æма сæмæ дуари хъис-хъисмæ ахургæнæг Аксо æхуæдæг рацудæй: медæмæ сæ бакодта. Фурæфсæрмæй сæ еу æ къох æ гъæлæси бакодта, иннæ ба æ сæрбæттæнæй æхе батухта. Аксойæн загътонцæ, ахур кæнунмæ ке ’рбацудæнцæ, уой, æма сæ уæд Аксо фæрсуй:

– Ести зонетæ, ести?..

Дайра загъта:

– Æз дууæ дамугъай зонун: ***æ*** æма ***у.*** Зæли ба еу аргъау зонуй, е ’нсувæрæй ке фегъуста, уæхæн.

Ахургæнæг Аксо сæ нæуæгæй, мадта æзинæ цæмæннæ ’рбацудайтæ, зæгъгæ, ку бафарста, уæд Дайра уотæ бакодта:

– Мæнæн нана уотæ зæгъуй, кизгутти ахур ба, дан, ци æй, зæгъгæ?.. Мæнæ дæ хæдзари бадæ, е ба дин скъола!..

Иннæ ба *(Зæли)*:

– Мæнæн ба дзабуртæ нæ адтæй, æма мин сæ хуйгæ кодтонцæ...

Сæ дууей дæр Аксо райста скъоламæ.

Коцойти Лени комеди æй æцæг аййевадон уадзимис. Æ исфæлдистади ин устур агъаз фæцæй æ царди фæлтæрддзийнадæ. Е бæрæг æй, æ уадзимиси куд æвдесуй уæди рæстæги гъæууон адæми цард, уомæй.

Комеди фиццагидæр мухури рацудæй финддæс æма дууинсæй анзей размæ. Уагъд æрцудæй авторæн æхе харзæй. Уой фæсте ба мухури некæдбал фæззиндтæй.

Хуарз уайдæ, Коцойти Лени уадзимис «Нæуæг ахургæнæги фиццаг бон скъолай» нур еума хатт ку рацæуидæ, уæд. Е аккаг лæвар уайдæ нæ иристойнаг киунугæкæсæгæн.

**Фиццаг дуйнеуон тугъди уæрæсейаг тугъдонтæй Фидибæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, уони рохс нæмтти имисæн Бон уодзæнæй 1 августи.**

☺ Нет, до свадьбы он не заикался.
☺ Мечтаю все забыть, но память – против.
☺ О, холодильник!.. Лидер по опросам.

☺ Врач пишет, что я агрессивен, и я ему вломил, чтобы не врал.
☺ Если брошу пить, куда я дену двенадцать банок огурцов?

☺ А в старину болели меньше. Причем заметьте – только раз.
☺ Огнетушитель взял, читаю: «Не распылять вблизи огня!..»

**ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ, ÆМБАЛ КÆМÆН НÆЙЙЕС, УÆХÆН ХÆЗНА ÆЙ!.. ХУЦАУÆЙ ЛÆВÆРД УИН ÆЙ, ГЪÆУАЙ ÆЙ КÆНЕТÆ!..**

***Аллибон дæр адæймаги организми тæнгъæди гъæуй 2,5 литри. Сæрдигон ба, анзи иннæ афæнттæй игъаугидæр уомæй фулдæр фæййагоруй зæрдæ. Уомæ гæсгæ, цæмæй тæвдæ бони æдонуг басæттай, уой тухххæй агорун райдайæн нæ уарзон ниуазуйнæгтæ. Еуетæ æновуддæр æнцæ ниуазуни æма сауæрдæнттæбæл, иннетæ ба цумунцæ цай, ниуазунцæ рæзи дæнттæ, цуппæрæймæгтæ æхцæуæнæй ниуазун райдайунцæ уазал бæгæни. Фал ке ранимадтан, уонæй фулдæр хæттити æдонуг басæттæн нæ фæууй. Мадта, циуавæр ниуазуйнæгтæ тох кæнунцæ еугуремæй хъæбæрдæр сæрдигон, хори содзгæ тунтæмæ нæ уодхарæй ка фæммаруй, еци æнæбасæтгæ æдонугбæл?***



# УОДÆНЦОЙНÆ ДÆТТÆГ НИУАЗУЙНÆГТÆ




## САУÆРДÆНТТÆ

Диетологтæ куд нимайунцæ, уотемæй цаййæй уæлдай хумæтæги сауæрдæнттæ дæр хъæбæр хуарз сæттунцæ æдонуг. Ниуазуни донæй хецæн кæнунцæ уомæй, æма си ес, организмæн пайда ка ʼй, уæхæн минералон бауæргъæдтæ. Уомæй уæлдай ма уоми ес берæ калоритæ. Фал сæ нæ гъæуй æгæр уазал кæнун. Дохтиртæ куд амонунцæ, уотемæй сæрдигон уæлдай ахиддæр фæззиннуй хъуртинез.

## АЛЛИХУЗОН ДÆНТТÆ

Рæзи, гагарæзи æма халсарти дæнттæ ʼнцæ дессаги комуазалгæнæн ниуазуйнæгтæ. Уонæми ес витаминтæ æма цæнхитæ, адгин антисептиктæ æма аминотауæггæдтæ дæр. Рæзи дон æй рæуæг хуайраг, бæлвурддæр ба ниуазуйнаг, организми æнцонæй ка батайуй, уæхæн бауæргъæдтæ имæ ке хъæртуй, уой тухххæй.

Гъай-гъай, еугуремæй хуæздæр æй нæуæглæмæрст рæзи дон ниуазун. Фал тукæнтти ци рæзи дæнттæ фæууæйæ кæнунцæ, етæ сæ хуæрзгъæдæдзийнадæмæ гæсгæ нæуæглæмæрст рæзи дæнттæй берæ изолдæр лæуунцæ. Ци ниуазис, уой цæмæй базонай, уой тухххæй 2001 анзи 1 январæй фæстæмæ нæуæг ГОСТ ес нæ бæсти. Нур финст «натуралон рæзи дон» фæууиндзæнæ, айдагъдæр сæкæр æма лимони тауæггадæ кумæ нæ хъæртуй, уæхæн продукттæбæл. Иннетæ ʼнцæ нектартæ, фал етæ дæр бустæги лæгъуз нæ ʼнцæ.

Уавæр уотæ ʼй, æма кæцидæр рæзæй рæзи кæдзос дон нæ рауадздзæнæ. Рæзи дони æма нектари хецæндзийнадæ уоми ес, æма натуралон рæзи дони пайдайаг хай фæууй 100 проценти. Нектар цæттæгæнгæй ба, исхæлæмулæ унцæ натуралон рæзи дæнттæ, сæкæр кенæ муд, натуралон адгингæнæнтæ, хуайраги тауæггæдтæ, хуарæнтæ, хуæрздæфгæнæн бауæргъæдтæ. Уой хæццæ, рæзи æма халсарти фулдæр хай фæууй 25-50 проценти.



## ЦАЙ

Адгин ка нæ уа кенæ кæрдæгхуз цай, уæдта кæрдæгутæй цай хуарз агъаз кæнунцæ тæвдæ рæстæги. Адæймаги цардархайд гъæддухдæр кæнуй каркадей (сурх цай) деденсифтæй цай дæр. Æ деденсифти лимони тауæггадæ ке ес, уой тухххæй ком уазал кæнуй айдагъ тæвдæ рæстæги нæ, фал ма уæлдæргонд температури дæр, уæдта маруй кæцидæр незхæссæг организмти дæр. Сатæггæнæн ниуазуйнаги хузи еугуремæй хуæздæр æй тæвдæ сурх цай цумун, кенæ ба уазал каркаде сæкæри хæццæ.

Кæрдæгхуз цай айдагъ æдонуг нæ сæттуй, фал ма организм гъæздуг кæнуй витаминтæй, минералон бауæргъæдтæ æма берæ æндæртæй. Е æй, витаминтæ С, Р, РР æма къуар В-йи берæ витаминтæ кæми ес, уæхæн ниуазуйнаг. Кæрдæгхуз цай фицгæй, уоми сау цаййæй дзæвгарæ фулдæр байзайунцæ минералон бауæргъæдтæ. Япойнæгтæ нимайунцæ, зæгъгæ, сæкæр æма æхсир кæрдæгхуз цайии кæрæдзей хæццæ нæ федаунцæ, хуæздæр, дан, æй уой муди хæццæ ниуазун.

## БÆГÆНИ

Бæгæни ниуазун æй адæймаги рагон традици. Тигр æма Евфрати ʼхсæн шумертæ кæми цардæнцæ, уоми археологтæ иссирдтонцæ, берæ æностæ кæбæл цæуй, уæхæн дортæ, æма сæбæл финст адтæй, бæгæни куд кæнун гъæуй, е. Задæй фунх цудæй бæгæний дзол – баппир, уой фæсте æй листæггондæй никкæниуонцæ боцикъай, дон дæр ибæл рауадзиуонцæ æма æй æнгъезунмæ ниууадзиуонцæ.

Рагон цæргутæ бæгæни ниуазтонцæ тростникæй конд сæрмагонд хæтæлтæй, цæмæй, ка нæ батадæй, еци



цъæмæлтæ æма хуари гагатæ ма хъор даронцæ хуæрзадæ ниуазуйнагæй мондæгтæ исуадзунæн. Славянæгтæмæ ба бæгæни куд кодтонцæ, уой рахæссæн ес 448-аг анзмæ. Уæлдай хъæбæрдæр бæгæнифицæнтæ рапарахат æнцæ IX æноси Уæрæсей новгородаг зæнхити.

Гъай-гъай, бæгæни æгæр берæ ниуазæн нæййес. Иронх кæнун нæ гъæуй, е пайда уæд уодзæнæй, æма ʼй минкъий бæрцæй ку ниуазай. Фал бæгæни бæззуй айдагъдæр æнæнез адæймагæн. Ахсæни гъæдгинæй, гастритæй æма уæлдæр тауæггадæй ка сæйуй, уонæн аци ниуазуйнаг зиан хæссуй æма сæ бæгæний дæлбардзийнадæй гъæуай кæнун гъæуй.

Фал адæм цæйбæрцæ ʼнцæ, уал æнкъарæни сæмæ ес. Сæйрагдæр æй, ци ниуазис, уой адæ дин гъæуама æхцæуæндзийнадæ хæсса. Уомæн æма, уой хæццæ сумах ранихъуæрдзинайтæ уæ хуæздæр æнкъарæнтæ, уæ рахаст фæххуæздæр уодзæнæй, æма е хуарзæрдæмæ фæззиндзæнæй уæхе лæдæрундзийнадæбæл.

*БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ, дохтир.*

## ДОНÆЙ ÆФСЕС – ЦАРДГЪОН!..

Адæймаги бауæрæн донæй æфсес ун цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уой исбæрæг кæнуни фæдбæл Саудоваг Аравий ахургæндтæ исаразтонцæ сæрмагонд зонадон фæлварæн. Архайдтонцæ си фондз æма дууинсæй адæймаги. Уонæй финддæс æма инсæй Рамадани цитгин мæйи рæстæги дардтонцæ уораза æма уонæмæ уæлдай цæстдард адтæй: бонæ фондз хатти æвзурст цудæй, сæ бауæргъæдæ донæй куд æнхæст æй, уой бæрæггæнæнтæ. Иннæ дæс адæймаги ба адтæнцæ спортсментæ æма уони ба бæрæг кодтонцæ тренировкити размæ дæр æма сæ фæсте дæр.

Куд рабæрæг æй, уотемæй адæймаги бауæргъæдæ минкъийдæр дон гъæуагæ ку фæууй, уæд æ энерги æрхауй 20-30 процентей уæнгæ. Проект «Æнæнездзийнади культурæ»-йи архайгутæ исбæрæг кодтонцæ, кутемæй æнгъезуй бони дæргъи адæймаги бауæргъæдæ донæй æфсес кæнун.

■ **Дон дарун гъæуй дæ къохи буни.** Дони авгæ кенæ къос дарун гъæуй стъолбæл, дæ цæстингаси куд уа. Уотемæй æй гъуди кæндзæнæ, дон ниуазгæ дин ке æй, уой. Дон дарунæн ба равзарæ зæрдæмæдзæугæ, дæ косæн стъолæбæл еумæйаг бакасти ка исфедауа, уæхæн дзаумау, уой уингæй ди нæ иронх кæндзæнæй, дон ниуазун дæ ке гъæуй, е.

■ **Дæ къофи баййевæ донæй.** Къофий алли дуккаг къос дæр æййевæ дони агувзæй. Уотемæй дин тæссаг нæ уодзæнæй тæнгъæди исæфтæй (обезвоживание) кофеинæй æма ервæзт уодзæнæ «энергетикон къуæхцитæй».

■ **Хумæтæг донæй бауæгæ дæ æма дин зин ниуазæн æй?** Дæ донбæл бафтауæ лимони, хуæргæнаси кæрститæ, бетъина кенæ ести гагарæзæ. Уæхæн дон агъаз æй тæнгъæдтæн, æма си адæймагмæ фæззиннуй косуни хъаурæ дæр æма æхе хуарз æнкъарундзийнадæ дæр фæббæрзонддæр уй.

■ **Дæхецæн балхæнæ нимæдзитæ бæрæггонд кæбæл фæуунцæ, уæхæн авгæ.** Æма дæхе хæццæ еристæ исаразæ. Зæгъæн, гъæуама баниуазай литæри æрдæг дууадæс сахаттемæ. Уотемæй дин дон ниуазуни гъуддаг цæмæдесаг ериси хузæн исуодзæнæй.

■ **Бони дæргъи гъæуама хуæрай, дон берæ кæми ес, уæхæн рæзæ**: хуæргæнасæ (96%), харбуз (92%), сельдерей (95%). Ауæхæн рæзæ хуæргæй, адæймаги бауæргъæдæ райсуй, æнæмæнгæ ʼй ци витаминтæ гъæунцæ, уони, уæдта ма донæй æфсесади гъуддаг дæр æнхæст кæнунцæ.



Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **560.** Заказ **№ 1601.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 25.07.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 25.07.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.